



Gid pou Timoun/Fanmi pou Swen Sante A Distan



Ou te dakò anvan sa a pou ou rankontre ak Jesyonè Swen PCE w la pa mwayen swen sante adistan lè w te siyen Konsantman PCE yo te eksplike w la pou sèvis Swen Sante a distans ki te fè pati premye pake dokiman ou te resvwa yo. Dokiman sa a pral ba w kèk konsèy pou reyinyon sou Swen Sante A Distan n ap fè a.

Anplwaye PCE yo toujou prefere rankontre ou menm ak fanmi w an pèsòn. Sepandan, Swen Sante A Distan kapab itil anpil pandan lè gen obstak (maladi, move tan, reyinyon ijans, elatriye) pou rankont fas a fas. Av sa a ap ede nou fè yon reyinyon ki pwoteje. Tanpri mete w alèz pou poze kesyon sou nenpòt bagay ou pa konprann nan av sa a.

Mwen/Nou konprann:

1. Mwen/Nou ka poze kesyon epi chèche eksplikasyon sou konferans videyo a nenpòt lè.
2. Mwen kapab mande sispann videyo konferans lan nenpòt lè.
3. Nou entèdi ak tout fòs pou moun anrejistre, fè foto ekran, elatriye, nan reyinyon sou Swen Sante A Distan yo.
4. Si m bezwen anile oswa repwograme yon randevou, m ap kontakte jesyonè swen an avan dat reyinyon an te pwograme a.
5. Lè pou nenpòt reyinyon an rezève pou mwen/pitit mwen epitou nou responsab pou n konekte nan reyinyon an alè.
6. Si mwen/pitit mwen anreta, randevou a ap toujou fini nan lè ki te prevwa a.
7. Si yon moun antre nan sal la pandan yon reyinyon oswa entimite menase yon fason oswa yon lòt, nou dakò pou fè Jesyonè Swen nou an konn sa touswit pou n ka pale sou pi fason pou n jere sitiyasyon an. PCE pa responsab si pitit ou pa patisipe nan yon reyinyon, tout yon reyinyon oswa yon pati ladan akòz yon pwoblèm ki pa soti bò kote n, sa gen ladan men se pa sa sèlman, aparèy la fèmen oswa batri aparèy dechaje; aparèy la ap mal mache; move siyal akòz zòn nan; oswa akòz li pa jwenn yon kote prive pou patisipe nan reyinyon an.
8. Pandan yon reyinyon sou Sante a distans, pwoblèm teknik ki depase kapasite w ak kapasite PCE kapab lakoz sèvis la koupe. Sa si rive, n ap fini reyinyon an epi rekòmanse l. Si nou pa kapab rekonekte nan anviwon 10 minit ki vin apre sèvis la fin koupe a, jesyonè swen an ap kontakte w pou pale avè w oswa repwograme, si sa nesesè.
9. Ou kapab retire kò w nan tout komunikasyon sou swen sante a distans alavni nenpòt moman lè w ranpli Konsantman pou soti nan sèvis Swen sante a distans.

Nou pa ka tann pou n pale avè w!